

Kasino

**YOUNG
MATHEMATICIANS**

Jwè 2-4

Laj 4+

5-15 min

OBJEKTIF

Pran kat yo nan sant tab la swa lè w fè yo matche oswa lè w konbine epi ajoute kat yo pou fè yon match.

MATERYÈL

Jwèt kat



MATERYÈL

Match

Adisyone

KESYON

Èske ou wè nenpòt kat ki koresponn?

Èske ou ka jwenn yon fason pou fè yon nimewo lè w adisyone de kat ansanm?


Ki pi bon kout kat ou te fè jiskaprezan? Poukisa?

KÒMAN POU JWE


1. Premyèman, kite timoun yo familyarize yo ak pake kat yo. Kite yo eksplore pake a epi pale sou diferan nimewo ak senbòl yo.
2. Chwazi si ou vle jwe **Vèsyon Debitan** an ak kat Las-5 yo sèlman oubyen **Vèsyon Avanse** a ak kat Las-10 yo.

Vèsyon pou debitán

1. Fè yon pil kat Las, kat 2, kat 3, kat 4, ak kat 5 ki nan pil kat ou a. Se kat sa yo n ap itilize pou jwe.
2. Melanje pil kat yo epi distribye 4 kat fas anba bay chak jwè.
3. Mete 4 lòt kat nan pil la fas anlè nan mitan tab la.
4. Nòmalman jwè yo pa montre kat yo youn lòt, men avèk timoun, ou ka vle jwe ak kat yo fas anlè. Men kijan kat yo ka sanble nan kòmansman yon jwèt:




5. Nan tou pa w la, eseye fè yon kat nan men w koresponn ak youn nan kat ki fas anlè yo nan mitan tab la. Si ou ka fè yon match, "pran" kat ki nan mitan an, epi mete tou de kat yo bò kote w fas anba.
6. Ou kapab tou pran kat nan mitan an ki ansanm **fè** yon kat nan men ou. Pa egzanp, si ou gen yon 5, ou ka pran yon 2 ak yon 3 nan mitan an piske $2 + 3 = 5$.



- Chak fwa pèsonn pa ka fè yon match, ajoute kat nan mitan an jiskaske genyen kat ankò.
- Jwèt la fini lè yo fin pran tout kat yo oubyen pèsonn pa ka pran plis kat. Konte kantite kat yo pran, epi nenpòt moun ki gen plis kat la genyen!

Vèsyon Avanse

- Separe kat Las-5 yo ak kat 6-10 yo an de pil apa. Kat Las-5 yo ap pou mitan an epi kat 6-10 yo ap pou jwè yo. Melanje tou de pil yo.
- Bay chak jwè kat kat nan pil 6-10 la fas anba.
- Distribye kat kat nan pil Las-5 la fas anlè nan mitan tab la.
- Pou fè match, jwè yo ap bezwen jwenn kat nan mitan an ki **egal** youn nan kat yo. Pa egzanp, si yon jwè gen yon 10, jwè sa a ka pran yon 2, yon 3, ak yon 5 nan sant la paske $2 + 3 + 5 = 10$.



Vèsyon jwèt sa a vrèman mete aksan sou adisyon paske jwè yo dwe kombine nimewo nan chak tou.

- Chak fwa pèsonn pa ka fè yon match, distribye kat yo nan mitan an jiskaske gen kat ankò.
- Menm jan ak nan vèsyon debitán an, moun ki pran plis kat yo genyen.

KONSEY POU JWE

- Pou genyen jwèt la, jwè yo ap vle pran otan kat ke posib an menm tan. Sa vle di timoun yo ap pratike adisyone plizyè nimewo alafwa pandan y ap vin pi alèz pou jwe.

KISA TIMOUN YO AP APRANN


- Okòmansman, timoun yo ka ap pratike idantifye nimewo ki sou kat yo epi fè nimewo sa a matche ak yon kat ki sou tab la. Ou ka ede yo lè w di non nimewo a.
- Timoun yo ap kòmanse reflechi tou sou estrateji ak pwobabilite. Y ap aprann ke ajoute de kat ansanm ap ba yo plis pwen nan fen jwèt la pase jis matche epi pran yon kat.
- Lè timoun yo pare pou pratike adisyon, yo ka jwe vèsyon avanse a epi eksploré diferan fason pou konbine pi piti nimewo pou fè pi gwo nimewo. Pa egzanp, 4 ak 4 fè 8, epi 2, 2, ak 4 fè 8 tou.

SIJÈ MATEMATIK

Nimewo: Konte ak Kadinalite

Nimewo: Operasyon

VIDEYO



Gade Videyo Jwèt

Gade kòd QR ki nan aplikasyon kamera telefòn entèlijan w la oubyen nan lektè kòd QR la pou w gade videyo ki montre koman pou jwe Kasino.

 EDC.ORG

www.ym.edc.org

© EDC 2024

